

Kesyon yo Poze Souvan – Vizit nan CAC

Èske mwen mèt chita avèk pitit mwen pandan entèvyou a?

Paran yo pa chita avèk pitit yo pandan entèvyou a. Menm si li konn difisil pou yon timoun pale sou sa ki rive a, pifò timoun yo alèz pou pale avèk Entèvyouvè medikolegal la san paran yo pa la.

Èske mwen mèt chita avèk Ekip la pandan entèvyou a?

Paran yo pa kapab chita avèk Ekip la pandan yon entèvyou. Manm ekip yo bezwen konsantre pou obsève, evalye, ak pran nòt sou entèvyou a. Ou pral kapab pale avèk Ekip la apre entèvyou a, pou konnen sa ki rive ak pou poze kesyon.

Èske mwen mèt rete avèk pitit mwen pandan egzamen medikal la?

WI. Ou mèt rete avèk pitit ou a, pandan egzamen medikal la. Enfimye Pratisyen an ap pale an premye avèk paran ouwa responsab legal timoun lan, sou antedan medikal li. Adolèsan yo konn pitio pale poukont yo avèk Enfimye Pratisyen.

Kisa mwen ta dwe di pitit mwen an sou vizit nan CAC a?

Timoun yo santi yo pi alèz lè yo konnen davans kisa ki pral rive. Li enpòtan pou ou esplikè pitit ou a li pral pale avèk yon moun sou sa ki rive a, epi pou ou esplikè li moun k ap fè entèvyou avèk li a konn pale avèk anpil lòt timoun. Ou pa dwe di pitit ou kisa pou li di, men ou dwe ankouraje li di laverite. Gen timoun ki konn bezwen moun ba li ankourajman, kidonk pou di li se pa li menm ki fè anyen mal.

Ou mèt di pitit ou yo pral fè yon egzamen medikal pou li, men egzamen an pa pral fè li mal, epi ou pral kapab rete avèk li.

Èske se fwa sa a sèlman pitit mwen an pral genyen pou li pale sou sa ki rive a?

Se pa paske li patisipe nan entèvyou a k ap fè pitit ou a pa pral janm genyen pou li pale ankò sou sa ki rive a. Ekip la pral pale avèk ou pou konnen si ou vle mennen zafè a devan lajistis, epi l ap esplikè w nan ki pwèn fanmi w ta genyen pou patisipe nan yon aksyon devan lajistis. Epitou, gen timoun ki kontinye chwazi pou yo pale sou sa ki rive yo avèk fanmi ak zanmi, epi/oubyen yo ankouraje yo pale avèk yon konseye kòm yon mwayen pou òganize reyaksyon ak santiman yo sou sa ki rive a.

Children's Advocacy Center of Suffolk County bay sipò pou timoun ak fanmi ki viktim vyolans ak abi.



CHILDREN'S ADVOCACY CENTER
of suffolk county

989 Commonwealth Avenue | Boston, MA 02215
www.suffolkcac.org | cac@state.ma.us
617-779-2146

Children's Advocacy Center of Suffolk County Inc. se yon òganizasyon 501(c)3 ki pa travay pou fè benefis.



**ENFÒMASYON POU VIZIT
PITIT OU NAN SANT POU
DEFANS DWA TIMOUN
NAN SUFFOLK COUNTY
(KI RELE CAC)**



CHILDREN'S ADVOCACY CENTER
of suffolk county

Gerizon Kòmanse Isit la

Pwojè a te resevwa asistans nan Massachusetts Office for Victim Assistance (Biwo Massachusetts pou Sipòte Viktim) avèk yon sibvansyon dapre yon lwa ki rele Victims of Crime Act of 1984 (VOCA); sibvansyon an te soti nan Biwo pou Viktim Krim, ki nan Pwogram Biwo Lajistis la, nan Depatman Jistis Etazini.

CAC ap konsantre sou sa ki pi enpòtan:

Sekirite ak byennèt timoun.

Nou konnen tan sa a kapab yon peryòd difisil, ki lakòz tansyon lespri ak konfizyon pou ou menm ak pou pitit ou. Nou ta swete pou enfòmasyon sa yo ede w konprann kisa ou pral jwenn anvan, pandan, ak apre vizit pitit ou a nan Children's Advocacy Center of Suffolk County (CAC).

CAC genyen yon ekip pwofesyonèl nan plizyè disiplin, pou reyaji kont abi ak esplwatasyon timoun, ak sikonstans kote yon timoun kapab te temwen yon krim. Ansanm, n ap travay avèk lapolis, pwokirè gouvènman, travayè sosyal, defansè dwa, epi pwofesyonèl sante fizik oubyen mantal, ak lòt moun pou fè bon kalite sèvis espesyalize pou timoun ki viktim abi, ak pou fanmi yo.

Pifò aksyon pou yo pran kont abi sou timoun yo ap mande yon entèvyou avèk timoun lan. Nan efò l ap fè pou limite kantite fwa yo pral bezwen fè entèvyou avèk pitit ou, Sant nou an ap kowòdonnen premye entèvyou avèk pitit ou a. Nòmalman, nan entèvyou sa a, pitit ou a pral pale avèk yon Entèvyouvè medikolegal, pandan manm Ekip la ap asiste entèvyou a deyè yon mirwa sans inik.

Sèvis nan CAC

Ekip Entèvyou

- Li redui kantite fwa yo bezwen rele pitit ou nan entèvyou, ak kantite moun ki dwe fè entèvyou dirèk avèk pitit ou;
- Li pèmèt ou rankontre tout pwofesyonèl k ap travay avèk pitit ou ak fanmi w, epi li ba ou chans pou poze kesyon.

Sèvis Medikal

- Gen yon Enfimye Pratisyen espesyalize k ap la pou fè yon egzamen fizik pou pitit ou, oswa poze ou nenpòt kesyon oubyen pale sou nenpòt pwoblèm avèk ou.

Defans Dwa

- Nou bay sipò epi nou ede nan defans dwa moun, pou pèmèt fanmi ou jwenn sèvis li bezwen, ak pou ede fanmi yo pandan pwosedi tribinal.

Sèvis pou Sante Mantal

- Fanmi ou ap jwenn enfòmasyon sou sèvis sante mantal, dapre bezwen espesyal fanmi w ka genyen.



Vizit pitit ou nan CAC

Lè ou rive

Ou pral kapab tann nan sal atant espesyal nou genyen pou fanmi an.

Apre entèvyou a

Entèvyouvè medikolegal la ap mennen pitit ou a retounen nan sal atant lan. Ekip la ap reyini pou gade ki estrateji ki pi bon pou ou ak pou fanmi w, epi l ap fè yon reyinyon avèk ou pou pale sou etap ki pral vini apre yo.

Sa ki pral fèt apre

Manm Ekip yo ap kontinye fè ou konnen sa k ap pase nan ka pitit ou a. Konseye w la ap toujou la pou pale avèk ou, ak ede sou kesyon rekòmandasyon ak resous.

Anvan vizit la

Yon manm Ekip la ap kontakte w pou esplike sèvis CAC yo, ak pou reponn kesyon ou genyen, ak pou pran yon randevou pou entèvyou a.

Pandan entèvyou a

Moun ki reponsab timoun lan ap rete nan sal atant la pandan entèvyou timoun lan.

Egzamen / konsiltasyon medikal

Ou mèt rete avèk pitit ou a, pandan egzamen an. Egazmen an pa fè soufri. Se pa tout timoun k ap bezwen yon egzamen, men enfimye a ap la pou pale avèk ou.